



## GID OU NAN

# KOMISYON REVIZYON MANMAN-LWA VIL NEW YORK LA 2019

### KI SA MANMAN-LWA A YE?

Manman-Lwa Vil New York la se konstitisyon Vil la. Li kreye yon kad pou administrasyon nou an. Manman-Lwa a kontwole fason Vil la depanse dola taks nou yo, fason yo pran desizyon yo sou chanjman nan katye nou yo ak pouvwa eli nou yo. Sa gen anviwon 30 lane, yon Komisyon Revizyon Manman-Lwa te revize administrasyon Vil la. N ap refè bagay yo. Nan sezon otòn sa a, rezidan New York yo pral gen chans pou amande Manman-Lwa nou an nan vote sou pwopozisyon vòt k ap kouvri yon pil ak pakèt pwoblèm, soti nan eleksyon rive nan responsablite lapolis.

5 novanm, **w ap kapab vote sou sa.** (Oubyen vote bonè 26 oktòb - 3 novanm.)

### KI PWOPROZISYON KI SOU BILTEN VÒT LA?

Eleksyon yo:

- Itilize chwa vòt selon klasman nan eleksyon primè ak eleksyon espesyal yo pou eli minisipal yo tankou Majistra ak manm Konsèy Minisipal yo.
- Pwolonje tan an soti 45 rive 80 jou ant lè yon eli kite pòs pandan manda li ak lè yo òganize yon eleksyon espesyal.
- Amande delè pou re-dekoupaj la pou asire yo trase liy distri yo nan yon delè rezonab pou pwochen eleksyon primè pou Konsèy Minisipal la.

Konsèy Revizyon Plent Sivil yo (Civilian Complaint Review Board, CCRB):

- Ajoute de (2) manm nan konsèy CCRB a, youn Defansè Piblik la nonmen ak youn Majistra a ak Prezidan Konsèy Minisipal la nonmen nan tèt ansanm (ki pral jwe wòl Prezidan tou).
- Mande Komisè Polis la bay CCRB a yon espikasyon lè li pa respekte rekòmandasyon disiplinè CCRB yo.
- Otorize pouvwa asiyasyon pou Direktè Egzekitif CCRB a.
- Pèmèt CCRB a mennen ankèt sou deklarasyon ofisyèl ki petèt pa verite yon polisye li ap mennen ankèt sou li fè epi rekòmande mezi disiplinè, si sa apwopriye.
- Garanti bidjè CCRB a.



# Ou kapab vote sou sa.

## PWOPOZISYON (KONT):

Etik ak Gouvènans:

- Anpeche eli yo ak wo fonksyonè yo nonmen yo fè presyon sou administrasyon Vil pandan de (2) lane apre yo fin kite sèvis minisipal la.
- Ranplase de (2) manm ki konpoze Konsèy Konfli Enterè a Majistra a nonmen avèk youn Kontwolè a nonmen epi youn Defansè Piblik la nonmen.
- Anpeche manm konsèy COIB yo patisipe nan kanpay pou pòs elektif lokal yo, epi redui montan lajan maksimòm manm yo kapab mete.
- Mande pou Direktè Antrepriz Komèsyal ki pou Minorite/Fanm yo nan tout Vil la (Minority/Women-owned Business Enterprises, M/WBE) rann kont dirèkteman bay Majistra a.
- Mande konsèy ak konsantman—yon sistèm kontwòl pouvwa—Konsèy Minisipal la pou Majistra a nonmen Konseye Jiridik la.

Bidjè vil la:

- Pèmèt Vil la itilize yon “fon ijans” pou li sere lajan pou l itilize nan ane k ap vini yo (si lwa Eta a pèmèt sa). Garanti bidjè yo pou Defansè Piblik la ak Prezidan Minisipal yo.
- Mande Majistra a pou l soumèt estimasyon resèt la bay Konsèy Minisipal la anvan 25 me (olye se 5 jen). Mande Majistra a pou li soumèt modifikasyon bidjè yo bay Konsèy Minisipal la nan yon delè 30 jou apre mizajou plan finansye vil la.

Itilizasyon Tè (ULURP):

- Bay Komite Kominotè, Prezidan Minisipal ak Komite Minisipal ki afekte yo avi davans sou aplikasyon ULURP yo nan mande Depatman Amenajman Iben an pou li bay yon rezime pwojè ki detaye 30 jou anvan yo sètifye aplikasyon an pou revizyon piblik. Bay
- Komite Kominotè yo plis tan pandan ete a pou yo revize aplikasyon ULURP yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou: [charter2019.nyc/finalreport](http://charter2019.nyc/finalreport)

